Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 39 (9950) 6 октябрь 2023 с. / Рузман 21 рабигIул аввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравление

День работника сельского хозяйства и перерабатывающей промышленности-профессиональный праздник всех тех, кто трудится в этих сферах. Он не имеет фиксированной даты и отмечается во второе воскресенье октября.




***Уважаемые работники сельского хозяйства и перерабатывающей промышленности района!***

Примите наши искренние поздравления в связи с вашим профессиональным праздником. Низкий поклон вам за ваш неустанный ежедневный труд. Будьте здоровы, пусть работа будет вам в удовольствие, а её плоды приносят людям пользу.

Желаем вам новых идей, инноваций, прогресса и процветания.

***Глава МР «Казбековский район» Г. Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г. М. Гирисханов***

***Кавказалъул рагъуе-80 сон! (1942-1943 с.с.)***

## Гьединаб тадбир гьаниб жеги букIинчIо

ЦIалдолезда КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалдаса лъала Гитлерилги гьесул рагъулаб командованиялъулги къокъаб заманалда СССР мутIигI гьабизе рукIарал хьулал. Гьеб мутIигI

Нилъер командованиялда, кватIун кканиги, бичIчIана немцал Грозныялде, хадусан Бакуялде рорчIани, гьелгун рагъ цIакъго захIмалъизе букIин ва гьелъ хIаракат бахъана немцазул церехун ин



гьабиялъулъ Кавказалъул халкъалъ жидер рахъ кквезе букIиналдаги гьезул щаклъи букIинчIо, амма…

Рагъул байбихьиялда гьединал хьулал гьариялъе гIурал хIужабиги рукIана.

1941 соналъул ахиралда Москваялда гъорк немцазда нилъер аскараз кьаби щвезабуна. Советияб командованиялда ккун букIана ихдалилгун риидалил кампаниялдаги немцаз Москва босизе хIаракат бахъизе бегьулин ва гьелъ гьеб цIуниялъе тадбирал гьарулел рукIана, амма немцаз Украиналдасан Кавказалдехунисеб рахъалде ине байбихьана. Халат гьабиларо, гьезда бажарана Терекгун Волга гIорахъе щвезегIан рачIине. Немцазул егераз (мугIрузда рагъалде ругьун гьарурал хасал рагъухъаби) Эльбрусалда байрахъцин чIезабун букIана.

чIезабизе ва, къуватги бакIарун, гьел нахъе гьезе.

Гитлеровцазда жидерго план гьениб бетIералде бахъинабизе бажарун букIарабани, кIиабилеб дунялалъулго рагъул хIасилал батIиялъун ккезецин бегьулаан, щай абуни, Кавказ кколаан дол соназ ТIолгосоюзалъулаб къебелъильунги, хIалхьиялъул бакIлъунги, нахърателлъунги.

Цого гьелъ бихьизабула гьениб букIараб рагъул вахIшилъиги захIмалъиги. Кавказалда ккараб рагъулъ лъукъа-къотIунги чIванги нилъее камун вуго 593 азарго рагъухъан.

Кавказалъул рагъуе 80 сон гьаб соналъул 9 октябралда тIубалеб букIин хIисабалдеги босун, республикаялъул бетIер Сергей Меликовас РДялъул гIолилазул политикаялъул министерствоялда, нилъер ва Хасавюрт шагьаралъул администрациябазда тIадкъана 8 октябралда «Архъабаш» участокалда бугеб иппородромалда доб заманалъул техникаги ярагъги «хIалтIизарун», Советиял аскараз немцал нахъе къотIиялда хурхараб рагъул бутIа бихьизабизе.

Узухъда, гьедин гIатIидабги нилъер ракьалда жеги букIинчIебги тадбир тIобитIиялъе хасаб комитет гIуцIана. Дагьал церегIан къояз гIуцIараб гьеб комитеталъул данделъаби тIоритIана нилъер районалъул администрациялдаги «Архъабаш» участокалдаги.

2 октябралда Архъабашалда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана нилъер районалъулги Хасавюрталъулги бутIрул ХIажимурад Мусаев ва Коргъоли Коргъолиев, гьезул заместителал, отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьеб тадбиралда ХI. Мусаевас абуна: *«Нилъеца тIобитIизе тIаде босараб тадбир цIакъ хIурматаблъунги жавабчилъи цIикIкIараблъунги ккола. Гьенир нилъер мадугьалихъ ругел республикабазда гурелги Россиялъул цогидал регионаздасаги гIадамал гIахьаллъизе руго. Тадбир тIобитIиялъул цIикIкIунисеб бутIа Хасавюрталъ тIаде босун букIанила, нилъецаги хIаракат бахъизе буго, кколеб къагIидаялда, гьалбазда данд-чIвай гьабизеги, тадбир нухда тIобитIизеги ва гьелда хурхарал цогидал суалал бетIералде рахъинаризеги.*

*Щаклъи гьечIо нилъер республикаялъеги тIолабго Россиялъеги гьелъул цIикIкIараб кIвар букIиналда, щайгурелъул, нилъер умумузул мисалазда гIолеб гIелалъе тарбия кьезе нильеда тIадаб букIун. Гьеб тадбиралда гIахьаллъизе бокьарал 8 октябралда нижер районалде рачIине бегьула»*,-ян.

Гьай-гьай, гьенир хал гьабуна бакIалда хIинкъигьечIолъи чIезабиялда, культурияб программа тIобитIиялда, агитациялъулаб материал хIадур гьабиялда, техникагун гIадамал чIезе бакIалда ва цогидалги тIуразе кколел ишазда хурхарал суалазул.

Хадусебго къоялъ тIадехун рехсараб оргкомитеталъул данделъи районалъул администрациялдаги тIобитIана. Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана фестиваль гIуцIиялда нухда тIобитIи жидеде кколел гIуцIабазе нухмалъулел, росабазул бутIрул ва жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби.

Гьенибги, цоги нухалда тIадруссун, бицен ккана тIобитIулеб тадбир гIуцIиялда иналъе тIоритIизесел ишазул, амма хасаб тIадчIей 5 октябралда фестиваль тIобитIизе бугелъуб субботник тIобитIизе букIиналъул суалалда гьабуна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Конкурсалъул хIасилал гьаруна

«Чапар» газеталъул редакциялъ, терроризмалде данде къеркьеялъул къоялда хурхун ва «Абе терроризмалъе бакI гьечIо»,-ян цIаралда гъорк, конкурс тIобитIулеб букIин лъазабун букIана (№29, 28.07. 2023 сон, 4 гьум.).



Гьеб тIобитIулеб букIана 3 номинациялда (плакат, сурат ва сочинение). Конкурс тIобитIиялъул мурадлъун букIана терроризмалъул идеологиялде дандечIеялъе нилъер районалда гIуцIараб Комплексияб план бетIералде бахъинабиялъе квербакъи.

29 сентябралда гьеб конкурсалъул хIасилал гьаруна.

**Плакат** номинациялда тIоцебесебгун лъабабилеб бакIазде рачIана Фатимат ХIусейнова ва Фатима ХIайбаева (лицей), кIиабилеб бакI босана Ленинаул росдал №1 школалдаса Лина Дайдиевалъ.

**Сурат** номинациялда тIоцебесеб бакIалде Хадижат ЛахIитова, кIиабилелде ХIапсат Пузайриева ва лъабабилелде Пазра МухIамадова (лицей) рачIана.

**Сочинение** номинациялда тIоцебесеб бакIалъе Написат Султанбегова (культураялъул отделалъул бетIерай специалист) мустахIикълъана ва кIиабилеб бакIалде Алжанат ЛахIитова (лицей) ячIана. Бергьенлъи босарал гьенир дипломаздалъунги гIарцулал шапакъатаздалъунги кIодо гьаруна.

***Ибрагьим Идрисов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 Решения
гьум. 3 «РакIалдачIеялъул ах» акция лъазабуна
гьум. 4 Решение

# РЕШЕНИЕ

27 сентября 2023 г. № 7/123

с. Дылым

**О Прогнозном плане (программе) приватизации муниципального имущества муниципального образования «Казбековский район» на 2024 год**

В соответствии с Федеральными законами от 21 декабря 2001 года № 178-ФЗ «О приватизации государственного и муниципального имущества», положением «О планировании, порядке и условиях приватизации муниципального имущества в муниципальном образовании Казбековский район утвержденный Решением Собрания депутатов МР «Казбековский район» от 9 октября 2017 года №6/87, Устава муниципального образования «Казбековский район», Собрание депутатов муниципального района «Казбековский район»

**РЕШИЛО:**

1. Утвердить прилагаемый Прогнозный план (программу) приватизации муниципального имущества муниципального образования «Казбековский район» на 2024 год приложение №1.

2. Отделу по управлению муниципальным имуществом и земельных отношений муниципального района «Казбековский район» обеспечить в установленном порядке реализацию прогнозного плана (программы) приватизации муниципального имущества муниципального образования «Казбековский район» на 2024 год.

3.Опубликовать настоящее решение в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.

4. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев*

*Председатель Собрания депутатов МР «Казбековский район Г.М. Гирисханов*

Утвержден
решением Собрания депутатов муниципального района
от 27 сентября 2023 года № 7/123

**Прогнозный план (программа) приватизации муниципального имущества муниципального района «Казбековский район» на 2024 год**

**Раздел I. Основные направления и задачи приватизации муниципального имущества муниципального района «Казбековский район»**

Прогнозный план (программа) приватизации муниципального имущества муниципального района «Казбековский район» на 2024 год (далее также – Прогнозный план (программа) разработан в соответствии с положением "О планировании, порядке и условиях приватизации муниципального имущества в муниципальном образовании Казбековский район утвержденный Решением Собрания депутатов МР «Казбековский район» от 9 октября 2017 года №6/87, с учетом основных задач социально-экономического развития Казбековского района на среднесрочную и долгосрочную перспективу.

Прогнозный план (программа) является одним из инструментов достижения цели перехода к инновационному, социально ориентированному развитию экономики Казбековского района и направлен на реализацию муниципальной политики Казбековского района, предусматривающей выход государства из сферы несвойственного ему сектора хозяйственных функций и услуг, обеспечение приватизации муниципальной собственности МР «Казбековский район», оптимизацию структуры муниципального имущества МР «Казбековский район» и повышение эффективности управления муниципального сектором экономики МР «Казбековский район».

Основными задачами в сфере приватизации муниципального имущества муниципального района «Казбековский район» на 2024 год являются: приватизация муниципального имущества МР «Казбековский район», не используемого для обеспечения реализации муниципальных полномочий органами муниципальной власти МР «Казбековский район».

Основными принципами выполнения Прогнозного плана (программы) являются: открытость и гласность при проведении приватизации муниципального имущества МР «Казбековский район».

Планируются к приватизации в 2024 году 1 муниципальное унитарное предприятие сельского хозяйства. Перечень муниципальных унитарных предприятий, планируемых к приватизации в 2024 году, будет дополняться с учетом результатов работы по оптимизации структуры муниципальной собственности МР «Казбековский район».

Прогнозный план приватизации составлен с учетом предложений органов исполнительной власти Казбекоского района. Оптимизация структуры государственной собственности МР «Казбековский район» и сокращение расходов муниципального бюджета МР «Казбековский район» на управление муниципальным имуществом будут достигаться в значительной степени за счет приватизации государственных предприятий.

**Раздел II. Перечень муниципального имущества муниципального района «Казбековский район», приватизация которого планируется в 2024 году**

Перечень муниципальных унитарных предприятий, подлежащих преобразованию в общества с ограниченной ответственностью в 2024 году, приводится в приложении 1 к Прогнозному плану (программе).

Приложение 1
Прогнозному плану (программе) приватизации
муниципального имущества муниципального района
«Казбековский район» на 2024 год

## П Е Р Е Ч Е Н Ь

**муниципальных унитарных предприятий, подлежащих преобразованию в общества с ограниченной ответственностью в 2024 году**

| № п/п | Наименование предприятия | Местонахождение |
|---|---|---|
| 1 | МУП «Хубар» | Республика Дагестан, Казбековский район, с. Хубар |
| | | |

# РЕШЕНИЕ

27 сентября 2023 г. № 7/124

с. Дылым

**Об утверждении правил землепользования и застройки сельского поселения «сельсовет Зубутлинский» Казбековского района**

В соответствии с пунктом 20 части 1, части 4 статьи 14 Федерального закона №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации и статьями 9, 24 и 25 Градостроительного Кодекса РФ, в целях реализации полномочий органов местного самоуправления установленных Градостроительным кодексом Российской Федерации, обеспечения устойчивого развития территории, развития инженерной, транспортной и социальной инфраструктуры, обеспечения учета интересов граждан и их объединений на территории сельского поселения «сельсовет Зубутлинский» Казбековского района Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального района «Казбековский район»

**РЕШИЛО:**

1. Утвердить Правила землепользования и застройки сельского поселения «сельсовет Зубутлинский» Казбековского района.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.

3. Признать утратившим силу Решение Собрания депутатов муниципального района «Казбековский район» №7/118 от 19 июля 2023 года.

4. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев*

*Председатель Собрания депутатов МР «Казбековский район Г.М. Гирисханов*

**С полным текстом решения №7/124 «Об утверждении правил пользования и застройки сельского поселение «сельсовет Зубутлинский» Казбековского района можно ознакомиться на сайтах «Казбековского район» (kazbekovskiy.ru) и сетевого издания «Салатавия» (salataviya.ru).**

# РЕШЕНИЕ

27 сентября 2023 г. № 7/125

с. Дылым

**О внесении изменений в Решение Собрания депутатов МР № 5/13 от 18 ноября 2010 г.**

В целях исполнения Постановления Правительства Республики Дагестан от 21 сентября 2023 г. № 380 «О повышении размеров денежного вознаграждения лиц, замещающих муниципальные должности в Республике Дагестан, должностных окладов и окладов за классный чин муниципальных служащих в Республике Дагестан, исходя из которых определяются нормативы формирования расходов на оплату труда» Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

1.Внести в Решение № 5/13 от 18 ноября 2010 г «О перечне муниципальных должностей и реестре должностей муниципальной службы и положения о денежном содержании лиц, замещающих муниципальные должности и должности муниципальной службы МР «Казбековский район» следующие изменения и дополнения:

1.1 В Приложении № 2 к решению Собрания депутатов п. 1.1 раздела 1 изложить в следующей редакции:

1.1 Муниципальные должности в МР «Казбековский район».

| Наименование должности | Должностной оклад |
|---|---|
| Глава муниципального образования | 27376 |
| Председатель представительного органа муниципального образования | 24632 |
| Заместитель председателя представительного органа муниципального образования | 20933 |
| Руководитель контрольного органа | 20933 |

1.2. В Приложении № 2 к решению Собрания депутатов п. 3.1 раздела 1 изложить в следующей редакции:

3.1. Должности муниципальной службы в органах местного самоуправления МР «Казбековский район»:

| Наименование должности | оклады |
|---|---|
| **Высшая должность МС** | |
| Глава администрации (при замещении им должности по контракту) | 9549 |
| Первый заместитель главы администрации | 8307 |
| Заместитель главы администрации | 7404 |
| Руководитель иного органа местного самоуправления, и или органа местной администрации | 7404 |
| **Главная должность МС** | |
| Управляющий делами (руководитель аппарата) администрации | 6554 |
| Заместитель руководителя иного органа местного самоуправления, и или органа местной администрации | 6554 |
| Заместитель управляющего делами (руководителя аппарата) | 6109 |
| Начальник отдела | 5423 |
| **Ведущая должность МС** | |
| Заместитель начальника отдела | 5094 |
| Помощник главы администрации | 4456 |
| **Старшая должность МС** | |
| Главный специалист | 5022 |
| Ведущий специалист | 4146 |
| Секретарь административной комиссии | 4146 |
| **Младшая должность МС** | |
| Специалист 1 категории | 3357 |
| Специалист II категории | 2900 |

1.3. В Приложении № 2 к решению Собрания депутатов п. 3.1 раздела, должности муниципальной службы в аппарате контрольно-счетного органа МР «Казбековский район» изложить в следующей редакции:

3.1. Должности муниципальной службы в аппарате контрольно-счетного органа МР «Казбековский район»

| | |
|---|---|
| **Старшая должность МС** | |
| Ведущий инспектор | 4072 |
| Инспектор | 3854 |
| **Младшая должность МС** | |
| Специалист 1 категории | 3121 |

1.4. В Приложении № 2 к решению Собрания депутатов п. 4 раздела 1 изложить в следующей редакции:

4. Размер оклада за классный чин муниципальных служащих МР «Казбековский район».

| Классные чины муниципальной службы в МР "Казбековский район" | оклад за классный чин (рублей в месяц) | | |
|---|---|---|---|
| | 3 класс | 2 класс | 1 класс |
| Действительный муниципальный советник | 2783 | 2954 | 3126 |
| Муниципальный советник | 2221 | 2392 | 2536 |
| Советник муниципальной службы | 1748 | 1880 | 2064 |
| Референт муниципальной службы | 1247 | 1316 | 1590 |
| Секретарь муниципальной службы | 809 | 988 | 1084 |

2. Настоящее решение распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2023 года.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев*

*Председатель Собрания депутатов МР «Казбековский район Г.М. Гирисханов*

# «РакIалдачIеялъул ах» акция лъазабуна

Нилъер лъида лъалареб Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьаралдаса гьелъулъ Дагъистаналдаса гIезегIанаб къадар гIолохъабазул гIахьаллъулеб букIинги, гIолохъабаз гьечIо.

**Справка:** ХIорие *«Горенжо»* абураб цIар кьун батизе бегьула гьенир гIемерал горенжал (цо-цояз гьезда сулкал, горенжал абула) рукIараблъиялъ. Гьелъул ха-



гьениб бахIарчилъи бихьизабулеб бугеблъиги, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул цIарал бакIазул къватIазе, цогидал бакIазе кьолел ругеблъиги, гьез яшав гьабулел рукIарал рукъзабазда мемориалиял хъарщал лъолел рукIинги, гьединазул хъизаби рехонтун гьечIеблъиги.

Узухъда, гьел киналниги ишазулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго нилъер районалъул гIадамазги. Гьезул хIакъалъулъ хъвала районалъул газеталда, *«Салатавия»* изданиялъул сайталда ва гьел рехсола Интернеталъул батIи-батIиял бутIабазда.

Дагьал церетIан къояз республикаялъул бетIер Сергей Меликовас лъазабуна, СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал ракIалдачIей мурадалда, Дагъистаналъул киналниги районазда ***«РакIалдачIеялъул ах»*** акция тIобитIизе букIин ва гьеб цо нухалда тIобитIулеблъун ккоlареблъи.

Узухъда, гьелъул рахъ ккуразул цебесеб кьерда буго нилъер районги. Гьеб бихьизабула, акция лъазабурабго, гьелда хурхараб данделъи районалъе нухмалъулез тIобитIиялъ. Гьеб байбихьиялъе, хадусан нухда тIобитIиялъул гIуцIана хасаб комитет ва 25 сентябралда гьелъул данделъи тIобитIана.

Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас гьениб абуна: *«Нилъеда лъала улкаялъе, республикаялъе нухмалъулез СВОялде, гьелъул гIахьалчагIазде, гьенир гIумруялдаса ратIалъараздегун гьезул хъизабазде кьолеб бугеб кIвар. Нилъер мурадлъун букIине ккола гIолеб гIелалда рехсаразул бахIарчиял ишал кIочене риччангутIи ва гьезул гIадинаб рокьи ВатIаналде, гьелъул халкъалде гьелъулъ бижизаби.*

*Нужеда лъала кинабго рехсараб букIинабиялъе нилъер районалда гьабулеб хIалтIул хIакъикъат, гьеб рехсезе дун лъугьинаро, гьале, Сергей Меликовас респуб ликаялдаго лъазабуна «РакIалдачIеялъул ах» акция тIобитIизе байбихьулеб букIин. Узухъда, цогидал ишазул рахъго гIадин, нилъецаги гьелъул рахъ ккквезе буго»,-ян.*

Данделъиялъул гIахьалчагIаз къотIи гьабуна рехсараб ах *«Горенжо»* хIорихъ чIезе.

Районцоязда, дидасаги лъикI лъалеб батила, *«Горенжо»* хIорги гьелда сверухъ бакIги. Унгоги, хIор ва гьеб бугеб бакI нилъер районалъул беричал бакIазул цояблъун ккола абуни, мекъи ккеларо.

Гьенире гIемерал гIадамал щолеллъиги балъголъи гуро. Узухъда, гьениб ах гIезабуни, хIухьбахъиялъе шартIалги чIезаруни, хIор бугеб бакIалде щолезул къадар гIемерго цIикIкIиналда щакълъи лалъи буго 100 м., гIеблъи-50 м. ва гъварилъи -14 м. Гьенир руго, Бразилиялдаги нилъер Баскунчак хIоринирги гурони, дунялалъул цоги бакIазда дандчIваларел тритоналги.

Бицуна хIориниб горенжазул къадар гьаб заманалда дагьлъиялъе гIиллалъун гьенире вахIшиял (хищные) ччугIби риччай букIине кколилан.

ХIорихъ ах чIеялда хурхун, ХI. Мусаевас абуна: *«Дидаги ккола гьениб ах чIей битIараблъун букIинилан, щай абуни, «Даглесхоз» гIуцIиялъ гьеб хIор ва гьелда сверухъ бакI болжал чIезабичIеб заманалъ лъайкьеялъул управлениялъухъе кьун буго. Гьенир тIоритIула школазул цIалдохъабазе гIезегIанал батIи-батIиял тадбирал. Ах гьениб чIеялъги кверлъакъизе буго гIолеб гIелалда жидер умумузул бахIарчиял ишал кIочонгутIиялъеги тIабигIат цIунизе кколеблъи бичIчIиналъеги»,-ян.*

Хадусан кIалъазе вахъарав И. И. Шабазовас гьениб абуна: *«Ахалъе байбихьи лъеялъе 12 сотка бихьизабунги гьеб жеги гIатIилъизе букIин хIисабалдеги босун буго. Гьай-гьай, гьениб ах чIеялъе хIадурлъиялъул хIалтIабиги тIоритIизе ккола. Къотlи буго ахие къучI лъеялъе гьениб 40 гъветI чIезе»,-ян.*

Гьес абуралде тIаде районалъул бетIерас жубана: *«Узухъда, тIад лъикIаб хIалтIи гьабуни, гьеб бакIал нилъер жамгIиятаlъеги тIаде рачIарал гьалбазеги пайда цIикIкIараблъун букIине буго. Гьеб ишалъулъе лесхозалъулги росдал магIишаталъул управлениялъулги специалистал гIахьал гьаризе ккела. БакIалда хIажатаб техника чIезабиялъе кумек районалъул Собраниялъул депутат Ильяс Садыкъаевас гьабизе буго»,-ян.*

Данделъиялда гIахьаллъана СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав Имам-Паша Абужанатовасул эбел, *«Улбузул къуват»* жамгIияб гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул куратор Аминат Абужанатоваги.

Цебегоялдаса нилъер халкъалда гьоркьоб билълъанхъун буго цо гьадинаб абиги: *«Бихьинчиясул гIумру гIададa араблъун кколаро гьес минаги бани, васги гIезавуни ва гъветIги чIани»,-ян.*

Гьеб абиялъ бихьизабула гъветIчIей Аллагьасеги гIадамазеги рокьулел ишазул цояблъун букIин.

**ХIурматиял районцоял!**

РачIа, нилъеего кириги гIолеб гIелалъе мисалги букIине, гьеб акция тIобитIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе.

***Ибрагьим Идрисов***

---

*5 октябрь-мугIалимасул Къо!*

# Чи жиндирго бакIалда вугони...

***БакIалъ чи гурев, чияс бакIал берцин гьабула. (умумузул аби)***

ЧIахIияб гIелалда, узухъда, лъикI лъала Советияб властаlъул заманалда кинаб букIаниги хъулухъалде чи тIамизе ккани, тIоцебесеб иргаялда,гьесул бажари, махщел, хьвада-чIвадиялъулъ ругел лъикIалгун квешал рахъал, тухум-кьибилалъул тарихалъулцин баянал лъазарулел рукIараблъиги, гьезулъ гIунгутIаби загьирлъани, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIуда гьев толарев вукIараблъиги



Гьаб заманалда гьеб рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалъул бицине дун лъугьинаро, гьеб киназдаго бихьула. Тарих бокьулезда лъала нилъер районалъул, киналниги рахъаздасан, гIезегIанал церетIеял рукIараблъиги ругеблъиги, гьел рукIиналда тIад гIемерал бажаригун махщел букIаралги бугелги гIадамал хIалтIараблъиги хIалтIулел ругеблъиги ва гьединаллъун гьел рахъиналъе кьучI школазда лъураблъиги.

Гьел школазда гьоркьоб мустахIикъаб бутIа Калининаул росдал школалъги лъуна. Гьениса къватIире лъугьана цIар рагIарал политикал, жамгIиял хIаракатчагIи, гIалимзаби, мугIалимзаби, медицинаялъул хIалтIухъаби, спортсменал ва цогидалги махщелазул гIадамал.

Гьезие лъайгун тарбия кьеялъулъ кIудияб бутIа лъуна къватIиса рачIарал ва бакIалъул мугIалимзабаз. Гьай-гьай, гьел тIолазулго цIарал гьанир рехсезе рес рекъоларо, гьелъ гьел рехсолелги гьечIо,амма кинаб букIаниги щакълъи гьечIо школа лъугIун аразул ракIазулъ гьез гъваридаб кIочен гьечIеби лъалкI тараблъиялда.

ГьабсагIаталда нижер школалда цIалулев вуго 808 цIалдохъан ва гьезие лъайгун тарбия кьолеб буго 97 мугIалимас. ЦIалдохъабазулгун мугIалимзабазул коллективалъе нухмалъи гьабулеб буго гIолохъанав, бажаригун махщел бугев МухIамад Гьайирбегович ХIабибовас. МугIалимзабазул къо тIаде щун букIин хIисабалдеги босун, бокьун буго цIалдолезда гьев унго-унгояв мугIалим, магIарулав ва инсан лъазавизе.

Нижер букIараб дандчIваялда гьес бицана: *«Дун гьавуна 1977 соналъ Хасавюрт шагьаралда. Къисматалъ нижер хъизан Калмыкиялде бачана. Гьенив цIалулев вукIарав дун 1993 соналъ Калининаул росдал школалда цIализе вачIана, ва I994 соналъ дица гьеб лъугIизабуна. Гьеб лъугIун хадусан дун Москваялъул предпринимательствоялъулгун правоялъул институталъул МахIачхъалаялда бугеб филиалалде лъугьана.*

*1999 соналъ гьеб лъугIизабурав дие юриспонденциялда хурхараб махщел щвана. Гьелдаса хадув рукъалъул магIишаталда тIад хIалтIулев вукIана.*

*2004 соналъ дица захIматалъул нухде гали тIамуна, дун Хасавюрталда бугеб ДГПУялъул филиалалде хIалтIизе лъугьана ва гьенив 2015 соналде гIунтIун хIалтIана. ХIалтIиялда цадахъго, дун цIалана Россиялъул президентасда цебе гIуцIараб пачалихъияб хъулухъалъулгун халкъияб магIишаталъул академиялда ва дица гьеб 2016 соналъ лъугIизабуна.*

*2013-2018 соназ дунго бетIергьанаб предпринимательствоялда вукIана, 2019 соналъ дун лъугьана МахIачхъалаялъул имам Шамилил цIаралда бугеб колледжалде ва 2020 соналъ дие лъайкьеялъул гIуцIиялъе нухмалъулесул махщел щвана.*

*2022 сонaлдаса байбихьун, Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул директорлъун тIамуна»,* -ян.

Дун дунгоги гьеб школалъул директорлъун вукIана, ва дида гьеб хIалтIул захIмалъи лъала. Гьай-гьай, дир рекIелъе щаклъицин рещтIун букIана лъималазулги мугIалимзабазулги кIудияб коллективалъе нухмалъи гьабизеги умумулгун ва тIалъиялда ругелгун рагIи рекъезабизеги МухIамадида бажариладаян.

Къокъабго заманалда щаклъи гьоркьоре рещтIарал дир пикраби щущахъ рихун ана. ХIалтIуде байбихьарабго, гьев захIматалъул гIадлу-низам цIуниялда тIад хIалтIана, гьесда цIакъ лъикI бичIчIунеб бугоан умумузул *«ГIадлу гьечIеб росулъ гIакIа гIемер ахIула»,*-ян аби.

МухIамадица хIалтIизе байбихьаралдаса коллективалда гьесулъ рихьана низамалда хIалтIи хIакъикъияб къагIидаялда, рагьун, ритIухълъиялда цебехун бачине бокьи букIин, хIалтIухъанасул жигарлъиялъул гьес рахъ кколеблъи, мугIалимасул хIалтIул къимат борхизабиялда тIад гьев хIалтIизе хIадур вукIин, школалда, коллективалда жаниб бугеб ахIвал-хIал лъикIаб рахъалде буссинабиялъе гьесул бажариги, лъайги, къуватги рукIин. Гьелде тIадеги, гьесул цо чанго хIалтIи батIи-батIиял журналаздаги бахъана.

Директорлъун хIалтIизе тIамун заман ун букIинчIониги ва гьенир гьесие кинал рукIаниги шапакъатал щвечIеллъи лъалеб букIаниги, дица МухIамадида гьикъана: *«Шапакъатал щвезегIанасеб заман гьаниб дуца бахъичIеблъи лъала, цересел хIалтIабаздагIаги гьел дуе щвечIищ?»*-ан.

Гьимизеги гьимун, гьес абуна: *«Дун киданиги лъугьинчIо цIараздагун шапакъатазда хадув. Дихъе хъулухъалъ вачIарасул мурадги тIубан, гьес кьураб ракI-ракIалъулаб баркалаялдаса тIадегIанаб шапакъат цоги кинаб букIунеб?»*-ан.

Гьеле, гьелъулъ вуго нижер тIолавго МухIамад.

МухIамадица ва лъади ПайнацагIезабулеб буго 5 лъимер (4 вас ва 1 яс). Гьезул кIиго васас (Гьайирхан ва ХIабиб) школа меседил медалазда лъугIизабуна ва гьел тIадегIанал заведениябазда цIалулел руго.

Цо-цоязда ккезе бегьула дица дирго директорасул хIакъалъулъ цо хасал мурадазе гIоло хъвалеб батилин, гуро, МухIамад гьеб рахъалъул чилъун ккоlаро, дунги гьединал ишаздалъун мурадал тIуразариялдаса цевего рикIкIалъун вуго.

Гьаб макъалаялдалъун дие загьир гьабизе бокьун буго жив вугеб бакI унгоги берцин гьабулев инсанасул хIакъалъулъ. РакIалде ккола дида гьеб дагьаб къадаралъгIаги бажаранин.

Аллагьас лъикIаб хьван батаги.

***Къайс МахIмудов, Калининаул росу***




## В Дагестане объявлен набор в добровольческое формирование «Каспий»

В добровольческое формирование принимаются граждане от 18 до 65 лет. Контракт можно заключить на 6-12 месяцев.

Граждане, не находящиеся на военной службе, изъявившие желание поступить в добровольческое формирование, подают следующие документы в военные комиссариаты:

- заявление;
- документ, удостоверяющий личность;
- копии документов, подтверждающих уровень образования;
- заполненную и подписанную анкету;
- собственноручно написанную автобиографию;
- копии свидетельства о браке и о рождении детей (при наличии);
- фотографии 3х4 см-2 шт.

Гражданину, заключившему контракт, военным комиссаром выдается удостоверение гражданина, пребывающего в добровольческом формировании, и предписание, в котором указывается дата прибытия в воинскую часть, выполняющую мероприятия по формированию добровольческих формирований. Гражданин, пребывающий в добровольческом формировании, желающий расторгнуть контракт по собственному желанию до срока его окончания, подает заявление в письменной форме на имя командира добровольческого формирования.

Суммы выплат для добровольцев не могут быть ниже, чем у контрактников, занимающих аналогичные воинские должности. Минимальные выплаты рядовым воинам составляют 195 тысяч рублей, командирам взвода - от 225 тысяч рублей, а командирам батальонов - от 245 тысяч рублей.

С ноября 2022 года на добровольцев стали распространяться те же льготы и привилегии, что и на военнослужащих. После окончания службы они получают статус ветерана боевых действий, который дает право на:

- досрочное назначение страховой пенсии (мужчины - с 55 лет, а женщины - с 50 лет) и ежемесячную доплату к ней;
- бесплатный проезд в общественном транспорте;
- путевки в санатории дважды в год и бесплатные лекарства;
- бесплатная медицинская помощь в медицинских учреждениях;
- подлежат обязательному государственному страхованию за счет средств федерального бюджета.

Им предоставляется право на возмещение вреда, причиненного их здоровью в период пребывания в добровольческих формированиях.

Семьи добровольцев также получают социальный пакет. В него входят:

- компенсация в размере 50 % от оплаты услуг ЖКХ;
- освобождение от налога части имущества (одна квартиру, один дом или один гараж), а также освобождение от земельного налога на участок в шесть соток;
- право брать отпуск в удобное для них время;
- бесплатное протезирование;
- дополнительные страховые выплаты;
- преференции для детей ветеранов при поступлении в вуз ( абитуриенты, чьи родители участвовали в боевых действиях, получают право на поступление в вуз вне конкурса).

Дагестанский батальон «Каспий» будет служить в Донецкой народной республике. Набор проводится в соответствии с приказом Министра обороны России № 67 от 15.02.2023 г.

По всем возникающим вопросам можно обратиться по телефонам: **8(988)465-18- 91,8(967)777-17-77, 8(960)409-65-95.**

## ГIабдулатIип Юсупович ХIажиев



25 сентябралда гIумруялдаса ва-тIалъана нилъер районалда 1970-1972 соназ КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIарав, районалъегун республикаялъе гIемерал пайдаял ишал гьарурав ГIабдулатIип Юсупович ХIажиев

ГI. Ю. ХIажиев гьавуна 1935 соналъ ЧIарада районалъул Хьинуб росулъ. Школа лъугIун хадусан гьес Гъуниб росдал педучилище лъугIизабуна.

Хадув ГIабдулатIип лъугьана Дагъис таналъул пачалихъияб университеталде. Гьесул гIуцIарухъанлъиялъе бугеб махщелги бихьун, ДГУялъул комсомольцаз гьев жидерго комитеталъул секретарьлъун вищана.

ТIокIлъиялда университет лъугIарав ГI. ХIажиев гIагараб районалъул ГIириб росдал школалда мугIалимлъун хIалтIизе витIана. Гьесул хIалтIиялдехун бугеб ракIбацIцIадаб бербалагьиги бажариги бихьун, гьев тIамуна МахIачхъала шагьаралъул ВЛКСМалъул комитеталъул, хадусан-Дагъистаналъул комсомолалъул обкомалъул тIоцевесев секретарьлъун.

Рехсарал хъулухъазде тIаде гьес тIуразаруна ДАССРалъул культураялъул министрасул, СССРалъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналда букIараб филиалалъул кIудияв гIелмияв хIалтIухъанасул, министрзабазул Советалъул къватIисел экономикаялъулал бухьеназул отделалъе нухмалъулесул, *«Северияб Кавказ»* Ассоциациялъул исполкомалъул директор-вакиласул ва цогидалги тIадегIанал хъулухъал.

ГIабдулатIип ХIажиев тIадехун рехсараб хъулухъалда нилъер районалда вукIаго, гьеб чIахIияб гIелалда лъикI лъала, ракьбагъариялъул хIасилалда, районалъе ккараб заралалъул бицун лъугIунаро. ГIабдулатIипица район рукIалиде бачIинабиялда тIад гьабураб хIалтIул бицунаго, Расул Идрисовас жиндирго *«Салатавия- дир чIухIи»* тIехьалда хъвалеб буго: *«ХIажиев ГIабдулатIип Юсупович КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вищаралдаса цо моцI гурони ун букIинчIо. Амма ракьбагъари байбихьараб тIоцебесеб заманалдаго загьирлъана гьесул гIуцIарухъанлъиялъул гьунар, кадрабаздехун къвакIараб тIалабчIилъи, гIадамал хадур цIазе бугеб бажари.*

*Районалъул талихIлъун ккана гьединаб захIматаб заманалда гьев бетIерлъуде ккей»*,-ан. Гьел рагIабазги бихьизабула кинав инсанлъун ГIабдулатIип кколев вукIаравали.

Тарихиял гIелмабазул кандидат, ДАССРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГI. Ю. ХIажиев кIодо гьавуна гIемерал шапакъатаздалъун.

ЛъикIав инсан, политик, бажари букIарав гIуцIарухъан, насихIатчи ГIабдулатIип даималъ хутIила гьев лъалев вукIаразул ракIазулъги нилъер районалъул тарихалъулъги.

***ХI.ХI.Мусаев, Гъ.М.Гъирисханов, И.И.Шабазов, Б.С.Нуцалов, З.Н.Эмеев, М.-А.М.ХIамзатова***

## РЕШЕНИЕ

26 сентября 2023 г. № 4/22

пос. Дубки

### «Об утверждении Генерального плана МО ГП «пос. Дубки» Казбековского района в новой редакции»

В соответствии с пунктом 20 части 1, части 4 статьи 14 Федерального закона №131 ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации и статьями 9, 24 и 25 Градостроительного Кодекса РФ, в целях реализации полномочий органов местного самоуправления установленных Градостроительным кодексом Российской Федерации, обеспечения устойчивого развития территории, развития: инженерной, транспортной и социальной инфраструктуры, обеспечения учета интересов граждан и их объединений на территории городского поселения «пос. Дубки» Казбековского района, Собрание депутатов МО ГП «пос. Дубки»

**РЕШИЛО:**

1. Утвердить Генеральный план МО ГП «пос. Дубки» Казбековского района в новой редакции.
2. Решение Собрания Депутатов МО ГП «пос. Дубки» №4/10 от 20.12.2022 г. считать утратившим силу.
3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.
4. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**С утверждённым Генеральным планом можно ознакомиться на сайте администрации МО ГП "пос. Дубки" Казбековского района.**

***Председатель Собрания депутатов МО ГП «пос. Дубки» Абдулаев Э.Н.***
***Глава администрации МО ГП «пос. Дубки» Абакаров А.К.***

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

МакъалабаздА рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола